## АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКІЭ ОЛИМПИАДЭ

## 9 КЛАСС

**1.** Пычыгъуэ *йэ* къэтпсэлъу, хьэрф *е* щатх псалъэхэр къэвгъуэти, щІэфтхъэ
*Дуней, епэр, чей, махуае, тире, елэн, тыкуэнтет, тебэ.*

**2.** Псалъэ лъабжьэм префикс пыувэныгъэкІэ къэхъуауэ, щапхъиищ тхын:

а)______________________
б)______________________
в)______________________

**3.** Антоним, синоним зэхуэхъу псалъэхэр мы адыгэ псалъэжьым къыщокІуэ:

а) «Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ»;
б) «Насыпыншэм, махъшэ тесми, хьэ къодзакъэ»;
в) «Ин жыІэ цІыкІу Іуатэщ»;
г) «Пэжыр хущхъуэщ, пцІыр щхъухьщ».

**4.** НэгъуэщІыбзэм къыхэкІа псалъэхэр щІэтхъэн:

*Лъагъуныгъэ нэсым, пэжыгъэкІэ псыхьам зыри пэлъэщынукъым, жьыбгъэми, уэшхми, уэсми, зэманми яхуэмыпхъэх къуршу, сыт хуэдэ гуауэми бэлыхьми ар пэщІэтыфынущ.*

**5.** Псалъэухам хэт псалъэ къэс зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр гуэтхэн:

*Уэсэпсыр*__________ *жэщкІэ*__________ *уэру*__________ *къехыу*__________ *хуеижьащи,*__________ *иджы*__________ *нартыхум*__________ *псынщІэу*__________ *зреч*__________.

**6.** Адыгэбзэ наречиехэм наречие къатокІ

а) союз-суффикс *-и*-кІэ;
б) суффикс *-у /-уэ*-кІэ;
в) суффикс *-дэ*-кІэ;
г) суффикс *-рэ*-кІэ.

**7.** Мы псалъэухам хэт псалъэхэр зэкІэлъызыхь союзкІэ зэпхакъым:

а) Къуршхэри, мэзхэри, тафэхэри – псори нэщхъейхэт;
б) А жэщым щІылъэмрэ уафэмрэ щІэращІагъэкІэ зэхьэзэхуэ хуэдэт;
в) Е еша, е мыузыншэ – хъуауэ пфІощІыр щхьэх;
г) «Си адэм Хьэжым и шы ІумпІэр иубыдащ икІи къригъэпсыхащ.

**8.** Пкъыгъуэ нэхъыщхьитІри зиІэ псалъэухам лъабжьэ хуохъу:

а) подлежащэмрэ сказуемэмрэ;
б) прямой дополненэмрэ сказуемэмрэ;
в) определенэмрэ сказуемэмрэ;
г) обстоятельствэхэмрэ сказуемэмрэ.

**9.** Мы псалъэухам подлежащэ хэткъым:

а) Мусэ Мурат дежкІэ хуэму маплъэ;
б) Сэри сыджалъэу сетІысэхащ;
в) ГъуэгунапщІэм тет зы Іуащхьэ цІыкІу гуэрым сыдэкІуеящ;
г) Губгъуэм щыпсэу псэущхьэхэм я макъхэр дэнэкІи къыщыІурт.

**10.** *Лабэрэ Псыжьрэ я тІуащІэм, гъуэгур зэхуэдитІ щыхъум деж, къуэшхуэ гуэр щызэпрыдзащ.* Псалъэухам хэт «тІуащІэ» псалъэм и купщІэр гъэбелджылын________________________________, «Псыжь» урысыбзэкІэ зэреджэр тхын__________. —

**11.** Псалъэухам нэгъыщэхэр хэгъэувэжын: *Удзхэм пщІанэхэм мазэ лъандэрэ къемыщха уэшхым зыхуагъэгусэ щІыкІэу сабэм иуа я тхьэмпэ лалэхэр щІым траубгъуэрт.* +

**12.** Адыгэ джэгуакІуэхэм щыщу, узыщыгъуэзэхэм я цІэ-унэцІэ тхын:

а)________________
б)________________
в)________________
г)________________
д)________________ —

**13.** Къызэралъхурэ мы гъэм илъэси-115-рэ ирикъуащ
а) КІыщокъуэ Алим;
б) ЩоджэнцІыкІу Іэдэм;
(в) ЩоджэнцІыкІу Алий;
г) ЩоджэнцІыкІу Нурий. +

**14.** *Жынгызмэ и нып фІыцІэжьыр*
*Адыгэм жьауэ хуэхъункъым,*
*Темыр лъашэ къригъэпс дыгъэкІи*
*Іуащхьэмахуэ уэсыр текІынкъым.*
Мы псалъэхэр зытхар ЩоджэнцІыкІу Алий. +

**15.** *Уэрэд щевгъэускІэ*
*Нэсу пкъырывгъэплъ:*
*Пшыналъэр бгъунлъэм,*
*Лъэпкъыр мэукІытэ* – псалъэхэр зейр________________. —

**16.** Лироэпическэ жанрым и лІэужьыгъуэу, къызэраІуэтэж сюжет зиІэ усыгъэ ІэдакъэщІэкІ иным поэмэ йоджэ (терминыр дэтхэжын) +

Проверила [signature]